ФИФЫ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЕЙ ГЪАМЭ

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЗГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ПЛАНДЗРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

№225 (21.133) ● 2007 гъэм щэкIуэгъуэм (ноябрым) и 20, гъбж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Мэлбахьуэ Т.Къу. «Къэбэрдей-Балькъэрым и пащхьэм щIэ фIыщIэм папщIэ щIыхь дамыгъэр етыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президетым и Указ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэралыгъэр зэтегъэувэным, абы социально-экономикэ зыужьыныгъэ егъэгъуэтыным я лъэныкъуэкlэ дэжьыгъэшхуэ зэрызэфIигъэкlам щхьэкlэ «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и пащхьэм щIэ фIыщIэм папщIэ» щIыхь дамыгъэр етыни **Мэлбахьуэ Тимборэ Къубатий и къуэм** - КПСС-м и Къэбэрдей-Балькъэр обкомым и япэ секретарым (зэрылIауэ).

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2007 гъэм щэкIуэгъуэм и 17-м №86-УП

Ди гум ихункъым

Къэрал, политикэ лэжьакIуэщхуэ Мэлбахьуэ Тимборэ къызэралъхьэ илъэс 90 зэрырикъур щэкIуэгъуэм и 17-м Iэтащэ республикэм щагъэлъэпIащ. Абы теухуа Iуэхугъуэхэм яящыщ щыр щэбэт махуэм Налшык щекIуэкIащ.

КъБР-м и Президент **Кьанокъуэ Арсен**, Парламентым и УнафэщI **Бечелов Ильяс**, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ **Ярин Андрей**, КъБР-м и Президентым и АдминистрацIэм и Унафэщ **Къэжэр Альберт**, къалэм администрацIэм и тхьэмадэм и кьалэнхэр зыгъэзащIэ **Хьэмгъуокъу Леонид** сымэ, Правительствэм хэтхэр, Парламентым и депутатхэр, къулыкъущIэхэр зыхэт гупшысэр пщэдджыжьым щыIащ Мэлбахьуэ Тимборэ и ихъишхьэм ижь гъэтIысэу. Абы иужькIэ, республикэм и унафэщIэм мывэ щагъэтIылъащ Правительствэм и Унэм пэмыжьыжьэу Мэлбахьуэ Тимборэ и фэеплъыр щагъэувыну щIипIэм деж икIи удз гъэрыкъэр бгъэдалъхьащ.

Мэлбахьуэ Тимборэ ипхъу Ольгэ и адэм зэрыригушхуэр, абы хуащI щIэм гукъыдэжь кьэзыэрыритыр жиIащ. «Дэ, абы и бынхэм кьалэнышхуэ кьыптепщылъщ - ар ди адэм хуэфащэу дышытыныр. Мыбдеж абы и фэепль щытпынущ, ар иджыри тщIыгъунущ, ауэ псальэншэу хэтынущ республикэм и гъащIэм. КъБР-м и Президент Кьанокъуэ Арсен Iуэхугъуэ дахэ кьыIэтащи, фIыщIэ хуэощ икIи сиг щхьэр хузогъэщхь», - кьыхигъэщащ Мэлбахьуэ Ольгэ.

Мэлбахьуэ Тимборэ и юбилейр щагъэлъэпIащ Музыкэ театрым. УнафэщIхэмрэ депутатхэмрэ я мызакъуэу, пшыхьым кIэрыхьэлIат кьэралыгъэмрэ, политикэ щэджащэм и Iыхьлъхьэмрэ я ныбжьэгъуэмрэ, кьыдэлэжьауэ щытахэр, щальхуэ Гъэр районым, республикэм и адрей куейхэм ящыкIахэр.

КъБР-м и Парламентым и Унафэщ **Бечелов Ильяс** зэхьыхьэр кьыхэIуихри, псальэ иритащ КъБР-м и Президент **Кьанокъуэ Арсен.**

- Нобэ Къбэрдей-Балькъэрым егъэлъапIэ политикэ щэджащэ, лъэпкъыIуI нэс, республикэм и тхыдэм и мызакъуэу, зэрыщытУ Урыфым и тхыдэм лъэужь гъэзэджэ кьыщызына Мэлбахьуэ Тимборэ Къубатий и къуэр кьыэзэралъхуэ илъэс 90 зэрырикъур, щIэныгъэ зыкъыгъэлъэгъуакъым. Ауэ щIыр щхьэж зэрыгъыскIэ этедгуэшэну дезыгъэпIащIэкIэхэри захуэкъым, ащхуэдэ Iуэхум зэныкъуэкъу куэд кьрикIуэнущ. Апхуэдэ зэкIыпIэм тезыгъэчыныхьхэм ящыщ зы дэ хуит тщIауэ щыгъащ езыгъ зыдзэс кьуажэм щыр щигуэшыну икIи абы и гуэшыкIэмкIэ мыарэзыуэ зыри хихымыгъэкIыну. АтIэ абы нобэр кьыздэсым зыри жиIэжьыркъым, - кьыхигъэщхьэхуакIащ Президентым.

Республикэм и Iэтащхьэм кьыдзэрилъытэмкIэ, техникIэрэ Iуэхум трагъакIуэдэн ахьшэрэ зимыIэ щIыхухэм езыхэм я щы Iыхьхэр яхуэхьэкIнукъым, абы кьыхэкIыу нэхъ хуэщIахэм иращэжьынущ. Ар зэрыдзехьэшхуэ кьыдзэрыкIынкIэ хъуну Iуэхущ. Кьэралыр дэтхэнэ зы щIыхуми хэхуэу дэIэпIыкIыну ущыщыгугъын щыIэкъым, ауэ хозяйство нэхъ инхэм кьэрал дэIэпIыкъунытэ (мэкъумэш техникэкIэ, щIыгъэпшэрхэмкIэ, жылапхъэхэмкIэ, Iэщ Iыхьпкъыфlхэмкlэ, нэгъуэщIхэмкIи) зэрырагъэпытыну шэч хэлъкъым.

Мис а Iуэху псори зэблэгъэкIынымкIэ, щIыр къэтхъэбэпыным теухуа кьэрал политикэр пхыгъэкIынымкIэ, КъБР-м щIыр къызэрыщагъэсэбэным зэхъуэкIынымкIэхэр хэлъхьэнымкIэ сэбэп хъун хуейщ щIэуэ кьызэрагъэпэща комиссэр. Президентым Iэ зыщIидза Указым кьызэрыщыгъэтхъэгъакIэ, щIы реформэр зэрырагъэкIуэкIынымкIэ комиссэм хэтхэм зы мазэ пIалъэм кьрибудзэу ягъэхьэзырын хуейщ. Мис а кьалэн инхэр кьэзытыгъэу кьыхаган комиссэм хэтынухэр. Абы хагъэхьащ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ кьэрал властым и органхэмрэ я лIыкIуэхэр.

Республикэм и Президентым кьитгъэуза пщэрыпхым ипкъ иткIэ, щIы реформэр егъэкIуэкIыным куэд щIауэ зыхуагъэхьэзыр. Нобэм ирихьэлIэу кьэрал Iэхуэкlэ зыхуеину щIыр зэрыхухахыр яубзыхуащ, мэкъумэш щIапIэу кьагъэсэбэн щы Iыхьэхэр муниципальнэ мылъкум зэрыхагъэхьэ щIыкIэр законкIэ щIагъэбыдащ, нэгъуэщI гъэжьигъэ зыбжанэ зэфIагъэхIащ.

МЕЧИЕВ Асхъэт,
КъБР-м и Правительствэм и Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iапи Iэм и гъэжьакIуэ.

тым щыIпIэ жьжьэхэр къызэрикIухьынур «ТУ-334» зыфIащ иджырей къхъулъхьэтэщIэмкIэщ.

Апхуэдэу кьухъулъатых зыIэригъэхьащ УФ-м и Правительствам. Аер куэдкIэ нэхъыфIщ мы зэманым къагъэсэбэп «Ил-62», «ТУ-154» кьухъулъатэхэм нэхъ.

(ИТАР-ТАСС).

Жьы хуэахэм щытхъу къалэжьыркъым

«Росморречфлот» компаниим и унафэщI Давыденко Александр унафэ ищIащ Керчь псы дзжыпIэм кхъахэ хъуа, зэращIрэ илъэс 25-м щIигъуа кхъухьэр дIпрэкIэ дагъэхьажи хуэмейуэ.

А унафэм и щхьэусыгъуэр иджыблагъэ тенджыз фIыщIэмрэ Азов тенджызымрэ щыIэхэзэуэ борэныншхуэм хэщIыныгъэ инхэр кьызэрихьарщ. Кьэбгъэпъагъуэмэ, махуэ закъуэм кьрибудзэу псым щIилъэфащ кхъухьмпI, 8-м зэранныгъэ ягъэтащ.

Борэныр Сыбыримкlэ мэIэпхъуэ

«Росгидрометцентрым» хъыбар кьызэритамкIэ, борэныр пъэщыр Сыбырымкlэ мажьу.

Абы уэсрэ гъэшхыу Iэджжэ щIикIутынущ Томск, Новосибирск, Кемеровскэ областхэмрэ Алтай краймрэ. А щIыпIэхэм дунейр щыIэ щыхъунущ градус 1ощIым нэсу.

Къэпщытакlуэхэм загъэхьэзыр

УФ-м и Къэзыбж палатэм и Унафэщ Степашин Сергей зэрыжиIамкIэ, дыдэзрыхьну илъэсым кьрибудзэу мы Iуэхущ Iапи Iэм и лэжьакIуэхэм къапщытэнущ монополие нэхъ инымрэ дыдэу щыIэ къэралым и щIыналъэ зыкъомрэ.

Мы зэманым къапщытакIуэхэм я лэжьыгъэр щыдзэфIагъэкI Банк Нхъыщхьэм. Ревизорхэм зи Iуэхущафэхэр нэхъ куэд «къэтIощIыну» яIащущ «Гъэпромрэ», «Урысей Гъущ гъэзугъэр», «Урысейм и РАО ЕЭС»-р.

77-м нос

Донецк областым къыщыхъуа гуаузыжьэ и щхьэусыгъуэхэр хабзэхъумэхэм кьаухъ, уголовнэ Iуэху кьэтащ.

Зекlэрэ и щIэр зезыхьэ зыкъыщIэщIащ щIыхь 457-рэ. Иужьрейуэ къата хъыбархэм зэрыжиIамкIэ, насыпныщагъэм хэлъэдзакъэм я бжыгъэр 77-м нэсащ. Нобэр кьыздэсым шахтер 23-рэ кьаухъуэгъуэтыжьыркъым.

КхъухьлъатэщIэ

Дяпэкlэ УФ-м и Президен-

Ныбгъуэр жьы хъумэ, адэжьынэ мэхъуж.

● Зэлущэхэр

Сурэтыр **ТОЛГУРОВ Камал** тIрихащ.

Iуэху зезыхьэ

«Iуэху зезыхьэ Урысей» («Деловая Россия») Урысейлъэ жылагъуэ организацэм и унафэщI Титов Борис щэкIуэгъуэм и 17-м «Къэббалъкинтурист» хьэщIэщым щагъэщIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым, Илъэ Федерал округым, Мэзкуу къалэм щыщ хъэрычатыщIэхэм, республикэм и къэралъ властым и органхэм, муниципальнэ щIыналъэхэм я лIыкIуэхэм.

Къэбэрдей-Балькъэрыр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 450-рэ зэрырикъуам трауха я зэхьыхьэшхуэр кьызэрагъэпэщащ КъБР-м Экономикэ зыужьныгъэмрэ затумкIэ и министерствэм, «Iуэху зезыхьэ Урысей» ООО-мрэ «Зыиу щыт Урысей» политикэ партымрэ я щIынатIэ кьудамэхэм.

«Iуэху зезыхьэ Урысей»-р кьэралым и лъэпкъ бизнесым и организацIэщ, хьэрычэтыщIэхэм я зэгухьэныгъэщ. Нобэ ар ядолажьэ Урысей Федерацым и щIыналъэ 70-м я лъэпкъ бизнесым, промышленностым и Iэнатlэу 35-м. Апхуэдэщ ухуэныгъэр, промышленность псынщIэр, мэкъумэш хозяйствэр, Iуэхутхьэбзэхэр щIэныр, нэгъуэщI куэдрэ. «Iуэху зезыхьэ Урысей» ООО-м и Совет Нэхъыщхьэм хэтщ лъэпкъ экономикэм и Iэнатlэ зэмылIэужьыгъуэхэм я компание лъэрыгъэхэм я унафэщIу 73-рэ.

КъБР-м и Правительствэм и У нафэщIым и япэ кьуэдзэ **Тхьэзэпльыж Мурат**, **Титов Борис** , экономикэ зыужьныгъэмрэ затумкIэ министр **Мусуков Алий**, «Зыиу щыт Урысей» политикэ партымрэ и республикэ кьудамэм и политсоветым и секретарь **Жэрыкъуэ Борис** сымэ хьэщIэхэм ирагъэпылъэ нэужь, Къбэрдей-Балькъэрым и нобэм теухуа фильм ягъэтырагъуащ.

Я пэ псальэ кьыIихащ Мусуков Алий. Ар зэкIэпхъуэ кьытеувыIащ республикэм хьэрычэт Iуэхуэм зыщIегъэужьынымкIэ хуэунэтIауэ щыIэ хэкIыпIэхэмрэ инвестицэ проект гъэпхъэр пхыгъэкIыным ехьэлIауэ зэфIагъэкIхэмрэ.

«Лъэпощхьэпохэр нэхъ псынщIэу кьызэдзнэкIын, зи мылъку кьыхэзылъхьэну хуейхэр тедгъэгушхэн мурадкIэ, «Къэбэрдей-Балькъэрым и инвестицэ паспорт» интернет-портал дгъэхьэзырыр. Абы и фIыгъэкIэ инвесторым Iэмал гуэхэдзкъэ иэнэщ республикэм и экономикэр зыкъудэм теухуа хъыбархэр нэсу иджыпсу, хьэрычэтыщIэ Iуэхуэхэр зэрыдалъэ щIыкIэр куууэ зригъэщIэну, зыхуей предприятэхэм я ехьулIэныгъэхэм зыхигъэгъэзэну, мылъкур зыхэлъхьапхъэхэр игъэбелджылыну», - кьыгъэлъэгъуэщ къэпсэлъэм. Министрым кьызэрыкигъэщIамкIэ, ди республикэр жьэдэру хэтщ инвестицIэ проект пэрытхэр щагъэлъагъуэ дунейпсо выставкхэхэмрэ жармэкIэхэмрэ. Къэбэрдей-Балькъэрым и лIыкIуэхэр мы гъэм щыIащ Франджым и Канны къалэм, Германием щекIуэкIа «Тхьэмахуэ щухъуантIэ» агропромышленнэ выставкэм, Санкт-Петербург щызэхэта дунейпсо экономикэ зэхуэсым, «Сочи-2007» дунейпсо инвестицIэ зэхьыхьэшхуэм. 2022 гъэм нэсыху тещIыхьэ стратегиемрэ 2007 - 2011 гъэхэм республикэм игъуэтыну социально-экономикэ зыужьныгъэм и программэмрэ япкъ иткIэ япэ ирагъэщIыхуэгъуэ нэхъыщхьэхэм щыщщ мэкъумэш хозяйствэм и Iэнатlэхэм, ухуэныгъэм ирахьэлIэхэр кьыщIэзыгъэкI промышленностым, курортхэмрэ туризмэмрэ зегъэужьыныр.

«Къэбэрдей-Балькъэрыр жэнэт щIыналъэщ, нэгъуэщIхэм емыцIух икIи ебэкI хьугъуэфIыгъэхэмкIэ кьулейщ. Абы кьыхэкIыу зыщагъэпсэху, зэшинтагъэр щрагъэфIакIуэ центр лъэщ хьэщIэзэгъэпэщынымкIэ Iэмал псори щыIэщ. А Iуэхум нэрылъагъуэ зиужьауэ щытащ совет лъэхъэнэм», - жиIащ Мусуков Алий.

Бжыгъэкэр и тегъэщIапIэу, министрым зэхуэсхэм я пащхьэм ирилъхьащ курорт-рекреацIэ комплексым, ухуэныгъэм ирахьэлIэхэр кьыщIэзыгъэкI промышленностым зегъэужьыным, Тырныауз бгы-щагъэбатэ комбинатыр зэтегъэувэжьынымрэ абы зыщIэгъэкъуэнымрэ, ГЭС мыинхэр гъэувыным, дунейпсо мардэм кьитIасэ кьхъухьэтапIэ ухуэным теухуа инвестицэ проект купщафIэхэр. Абы кьыщIэригъэлъэгъуамкIэ, хьэщIэр ящIащ «Къуэкlыпl» зыфIащащ псэупIэ комплекс ухуэным и проектри. Ар щIыху мин 35-м, фэтэру мини 10-м щIигъуэ тещIыхьащ. Абы инвестицэу сом меларди 10-м нэблагъэ кьыхрагъэлъхьэну я мурадщ. Мусуков Алий кьыкхитэщащ мылъкур кьызыбгъэдэкIэхэм сыт и лIыхьэжькI зэIухэу, тэмэму икIи фейдэ пIыпIэу ядэлэжьэну зэрыкьэзырыр, абыкIэ щэсапIэ псори зэрыщIыр.

(КIэухыр 2-нэ нап.).

● КъБР-м и Правительствэм

2008 гъэм и ухуэныгъэ инхэр

Урысей Федерацэм и щIыналъэхэм елытауэ Къбэрдей-Балькъэрым производствэм нэхъ псынщIэу щыхохьэ. 2007 гъэм и щIышIыпI - фокIадэ мазэхэм кьрибудзу республикэм и Правительствэм зэфIигъэкIащэрэ а зэманым КъБР-м и республикэ бюджетым гъэзащIа зэрыхъуамрэ теухуауэ щэкIуэкъуэм и 15-м Правительствэм пригъэкIуэкIа зэIущIэм апхуэдэу щыжиIащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ Ярин Андрей. ЗэIущIэм хэтащ КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен.

НЭГЪАБЭ и апхуэдэ зэманым елытауэ промышленнэ производствэм и индексыр проценти 122,8-м нэсащ (зэрыщыту Урысей Федерацэм ар зэрыщыхъуэр проценти 106,6-рэщ). Экономикэмрэ социальнэ Iэнатlэмрэ зегъэужьыным кьышащагъэсэбэпа мылъку нэхъыщхьэм кьыхъуэщIагъэуIуа инвестицэ IагъэуIуа инвестицэр сом мелуан 8380,6-рэ мэхъу е изгъаба и апхуэдэ зэманым етыныгъэ хуэдэ 1,7-кIэ нэхъыбэщ.

Ухуэныгъэм и Iэнатlэм Iэжьыгъэу щрагъэкIуэкIыр зыщыгугъэм нэхърэ процент 126,7-кIэ нэхъыбэу щытащ, псори зэхэту псэупIэ метр зэбгъуэнатlэ мини 165,9-рэ, 2006 гъэм и япэ мазибгъуэм елытауэ процент 2,6-кIэ нэхъыбэ хъэзыр ящIащ.



ПсэупIэкlэ зыкъыззэрагъэпэщ

АДЫГЕЙ. *Адыгейм щыпсэухэм кредит Iуэхущапlэхэм я Iуэхутхьэбзэхэр нэхьыбэрэ кьагъэсэбэн хуэмейуэ псэупIэ кьащIухэм ящIащ. Адыгейм и ипотекэ агентствэм кьызэритымкIэ, 2007 гъэм щIыхуэм иратаи сом мелуани 100-м щIигъу займи 179-рэ. Нэгъабэрейм елытытмэ, ар хуэдэ 2,5-кIэ нэхъыбэщ.*

ПСЭУПIэ кьращэхун папщIэ ахъшэ щIыхуэ кьеIыэзыххэр илъэс 40 ныбжьым ит, ику ит хэхъуэ зиIэхэрэщ. Апхуэдэ Iуэхутхьэбзэхэр нэхъыбэу кьызэригъэсэбэпхэм ящыщщ Куэшхьэлэ куейм щыпсэуэр.

Йужрей илъэсрэ ныкъуэм псэупIэ метр зэбгъуэнатlэм и уасэм Адыгейм хуэди 2,5-кIэ щыхэхьуащ. Ауэ кьэтхъулъгъуапхэщ, щыхухэм кьыIах кредитыш щыщытыкIэр зэрехуэхэр икIи процент 11-м щыщIэдзауэ процент 14-м нэсу зэрыщIытыр. Гугъуехьэхэр щышIыпI мы Iуэхум. «Адыгей ипотекэ агентствэм и унафэщI Квашев Василий зэрыжиIамкIэ, ар кьыхыхьэжьыр зыхуейм хуэдиз мылъку федеральнэ центрым кьызэрыхуэмыутIыпщыр.

ЭРЭДЖЭУ Женя.

● Мэкъумэш Iэнатlэм

Зэдэlэпыкъуурэ

Мы ГъЭР уэгъуу зэрыщытам хэщIыныгъэшхуэхэр кьаритащ Урысейм и Iпщэ лъэныкъуэм хихыбащ щыналъэхэм я мэкъумэшыщIэхэм. Абы хэм федеральнэ бюджетым кьыхэкIыу кьаазэрыдэlэпыкъунур, сом зы мелардрэ мелуан 300-рэ кьызэрыхуаутIыпщынур жиIащ УФ-м мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министр Гордеев Алексей.

УнафэщIым кьызэрыхигъэщамкIэ, уэгъум кьыздихьа хэщIыныгъэр гъээкIуэжьынымкIэ текIуэдэну мылъку щхьэхуэ езы щыналъэхэм кьафIощIыкIын хуейщ икIи ар нэсыпхъэщ сом меларди 2-рэ мелуан 200-м. Дызэрыщыгъуазэщи, хуабэ ямылем зи гъавэ нэхъыбэу исахэм Къбэрдей-Балькъэрри ящIущ. Псом хуэмыдэу лей кьатехьащ Прохладнэ, Тэрч, Майскэ, Бахьсэн районхэм. Мыбыхьэм я хозяйствэ зэмылIэужьыгъуэхэм псоми зэхэту хэщIыныгъэу ягъуэтащ сом мелуан 200-м нэблагъэ. Уэгъум ихьащ нартыхум, гуэдзым, хадэхэм щыщ щыщ куэд.

БЭРБЭЧ Борис.

● Щапхъэ

Иджыри пащэ

НАЛШЫК КЪАЛЭ, абы и Iэгъуэблагъэ жылэхэу Кэнжэ, Хьэсэкей, Iэдииху, Белая Речкэ щыпсэухэр дызытехьэ щIымахуэм пкIыжьэ тхьэусхьафэ ямы-Iэн папщIэ дэжьыгъэшхуэ иригъэжьIагъэ Налшык и «Горводоканал» муниципальнэ Iуэхущ Iапи.

Управленэм и унафэщI Сослановым Аднагумэ къан зэрыжиIамкIэ, жьы хуэ псы бжьамийхэр щIэкIэ щIызэрахьэжьащ Газовэ, Каменскэ, Гагариным и щIэкIэ щIыIэ уэрамхэм. Псы кьагъэсэбэпар кьызэрыдаш бжьамий метр 640-рэ щIэуэ Щоджэн щIыкIэм, Бэрэгъуным я щIэхэр зезыхьэ уэрамхэм, метр 370-рэ Чернышевскэм и уэрамым щыщIалъхьащ. Налшык Есениным и уэрамым тет уней лъапсэхэм кьагъэсэбэпа псыр ирикIуэну метр 400 зи кIыхьагъэ бжьамий щащIыкIуэ, Бэрэгъуным я щIэхэр кьалIэзыгъэкI и ухуэныгъэ нэхъыщхьэм. Лэжьыгъэм иджыри пащэнущ дунейр щIыIэ дыдэ кьэхъуэ.

БЕКЬАЛДЫ Анатолэ,
«Горводоканалым» и пресс-Iуэхущ Iапи Iэм и унафэщI.

● Нэхъыжьым и псалъэ

«Адыгэ псалъэр» къызэрыхэсхрэ куэд щIащ



Си гъащIэ псом си гъуэгу адыгэ газетыр. Зауэ нэужь нэтIэсхэм пединститутым сышIелжьэу, адыгэбзэ кьудамэм сыкъэзрадзэм и гъэжьакIуэ ныгъуэхэр, «Къэбэрдей пажьм» Iэ тедгъэн папщIэ, кьыдэпсэстыжьащ, дымыщIэ куэдми щыгъуазэ дищIащ, дэрэ а газетым дытхэ зэрыхъунри кьыджиIат.

Ди газетыр къыфIэрыхьэну фыхуеймэ

Ди щIэджыкIакIуэ лъапIэхэ!

Фигу кьыдогъэкIыж 2008 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм къыфIэрыхьэну газетхэм, журналхэм Iэ тедгъэнри зэрекIуэкIыр.

Илъэс ныкъуэм ди газетым и уасэщ сом 342-рэ кIэнлейкIэ 84-рэ.

«Адыгэ псалъэм» Iэ щытевдзэ хъунущ республикэм и пощт Iуэхущапlэ псоми.

Ди индексыр 51531

СТУДЕНТЫМ дежкIэ зы сомри щыкуэд а Iэ зэманым щыщIэдзауэ нобэм кьэсыхуэ Iэ тей кьэзгъэ сэ ди газетым. Зы махуи сэ гъуэкъым икIи сытеезэщакъым, ауэ ар кьыщыдзыкI махуэхэм сыхуэзэщу гъащIэ ныбжьыгъэ схуэхъуащ. Пединститутым сыщIэсу псэпкъ газетым сыхуэхэзэн щIэзадзэ, еджапIэр кьэзуха нужьи гъэжьэн щыщIэздзаря аращ.

Си тхыпIэ куэд тридзащ газетым: статьяхэр, очеркхэр, рассказхэр, повестхэр, романхэм щыщ пычыгъуэхэр... Ауэ арагъэ газетым сыщIыкIатхъур. Уадрэзу дунейм утетын папщIэ, «Адыгэ псалъэм» Iэмал имыIэу ухуейщ. Дунейм нэгъуэщI зыгуэрри кьыщыдэкIыркъым адыгэ Iуэхуу апхуэдизу зытет, апхуэдизу купщафIэу, ёмышыжу лъэпкъым хуэлажьэ. Сэ жысIэм кьыкIыркъым адыгэ газетым адыгэ Iуэху фIэкIа зэрымыуэху. КьыдэкIыгъэ кьэс абы и япэ напэкIуэцIым тридзэ «Дунейм щыхьыбархэр- жьхуиIэм ипэжьIэкIэ дунеймэ ди республикэмэ щыхьыбархэм щыгъуазэ уещI, махуэку кьэкIыжьащ дунеим кьыщыхъу тетыджэ куэдым тепсэлъыхь тхыгъэхэр...

Нэхъыщхьэр арщи, « Адыгэ псалъэм» кьытридзэ тхыгъэхэм уатезащэркъым, уэлIэпиIуу ухуэдж. Сэ си чэнджэщIэ а газетым Iэ тезыдза унагъуэ зыбжанэ щыIащ икIи фIыщIэ кьыслухуащI.

Сыту фIыт, адыгэ унагъуэ псоми лъэпкъ газет закъуэр яIэрыльэу щытамэ. Тевдзэ ди адыгэ газетым Iэ, фIыуэ сэлъапкъэгъуэ! Дерадзэ ар кьыщIыдзкIыр. Дызэрыадыгэр зыщIымыгъэгупщэ, ди щхьэрэ фIыуэ дывгъэлъагъуэ.

КЪЭРМОКЪУЭ Мухьэмэд,
Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ тхакIуэ.

Планэпэр зыгъэлъэдзыр ТХЬЭМОКЪУЭ Барэсбийщ.

● Къэрал къулыкъущIапIэхэм

Щы реформэр егъэкIуэкIынымкIэ комиссэ къызэрагъэпэщащ

КъБР-м и Президентым Iэ щIидзащ щы реформэм зыхуэгъэхьэзырынымкIэ, ар Къэбэрдей-Балъкъэрым щегъэкIуэкIынымкIэ республикэ комиссэ къызэрагъэпэщыным теухуа Указым.

АПХУЭДЭ комиссэ щыIэн хуейуэ къызэрилъытэр Кьанокъуэ Арсен щыжиIауэ щытащ жэпуэгъуэм и кIэуэным екIуэкIа граждан зэхуэсыщхуэм. КъБР-м и Президентым кьыхихгъэщхьэхуэкIащ лъэпкъ куэд щыпсэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щы реформэр щегъэкIуэкIынымкI политикэ Iуэхуу зэрыщытыр: «А реформэр зэредгъэкIуэкIынымщыкIэр комиссэ щхьэхуэм итъхьэзыра нэужь, щыхуэхэр зыубгъуэуэ тепсэлъыхьын папщIэ утыку кьитлъхьэнущ».

Щыр зехьэн и лъэныкъуэкIэ абы нэхъ тэмэму кьиIыпIащ мэкъумэш щIапIэхэр щыхуэхэм зэщIыгъуу кьагъэсэбэныр. «Сэ кьызэрыслъытэмкIэ, щIыр зэтыпхэр езы кьуажэхэм кьыщыдзэрагъэпэщ кооперативхэрщ, Дэтхэнэ зы щIыхуми щIым езым и Iыхьэ хэлъу, абыкIэ акцэхэр иIэу, ауэ псоми я зэхуэдэ щIым езым и Iыхьэр зэхьыныгъэ ящIыным хуейщ. Бэджэндыраныжьэр щIыр зыхуей зэрыхуигъэзэным хущIэкъуркъым, атIэ пIалъэкIэ кьинтъэсэбэну аращ. Къэралми ар тэмэму зэрихьэфы-ну зыкъыгъэлъэгъуакъым. Ауэ щIыр щхьэж зэрылъытыкIэ этедгуэшэну дезыгъэпIащIэкIэхэри захуэкъым, ащхуэдэ Iуэхум зэныкъуэкъу куэд кьрикIуэнущ. Апхуэдэ зэкIыпIэм тезыгъэчыныхьхэм ящыщ зы дэ хуит тщIауэ щыгъащ езыгъ зыдзэс кьуажэм щыр щигуэшыну икIи абы и гуэшыкIэмкIэ мыарэзыуэ зыри хихымыгъэкIыну. АтIэ абы нобэр кьыздэсым зыри жиIэжьыркъым, - кьыхигъэщхьэхуакIащ Президентым.

Республикэм и Iэтащхьэм кьызэрилъытэмкIэ, техникIэрэ Iуэхум трагъакIуэдэн ахьшэрэ зимыIэ щIыхухэм езыхэм я щы Iыхьхэр яхуэхьэкIнукъым, абы кьыхэкIыу нэхъ хуэщIахэм иращэжьынущ. Ар зэрыдзехьэшхуэ кьыдзэрыкIынкIэ хъуну Iуэхущ. Кьэралыр дэтхэнэ зы щIыхуми хэхуэу дэIэпIыкIыну ущыщыгугъын щыIэкъым, ауэ хозяйство нэхъ инхэм кьэрал дэIэпIыкъунытэ (мэкъумэш техникэкIэ, щIыгъэпшэрхэмкIэ, жылапхъэхэмкIэ, Iэщ Iыхьпкъыфlхэмкlэ, нэгъуэщIхэмкIи) зэрырагъэпытыну щэч хэлъкъым.

Мис а Iуэху псори зэблэгъэкIынымкIэ, щIыр кьэтхъэсэбэпыным теухуа кьэрал политикэр пхыгъэкIынымкIэ, КъБР-м щIыр кьызэрыщагъэсэбэным зэхъуэкIынымкIэхэр хэлъхьэнымкIэ сэбэп хъун хуейщ щIэуэ кьызэрагъэпэща комиссэр. Президентым Iэ зыщIидза Указым кьызэрыщыгъэтхъэгъакIэ, щы реформэр зэрырагъэкIуэкIынымкIэ комиссэм хэтхэм зы мазэ пIалъэм кьрибудзэу ягъэхьэзырын хуейщ. Мис а кьалэн инхэр кьэзытыгъэу кьыхаган комиссэм хэтынухэр. Абы хагъэхьащ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ кьэрал властым и органхэмрэ я лIыкIуэхэр.

Республикэм и Президентым кьитгъэуза пщэрыпхым ипкъ иткIэ, щы реформэр егъэкIуэкIыным куэд щIауэ зыхуагъэхьэзыр. Нобэм ирихьэлIэу кьэрал Iэхуэкlэ зыхуеину щIыр зэрыхухахыр яубзыхуащ, мэкъумэш щIапIэу кьагъэсэбэп щы Iыхьэхэр муниципальнэ мылъкум зэрыхагъэхьэ щIыкIэр законкIэ щIагъэбыдащ, нэгъуэщI гъэжьигъэ зыбжанэ зэфIагъэхIащ.

МЕЧИЕВ Асхъэт,
КъБР-м и Правительствэм и Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iапи Iэм и гъэжьакIуэ.

Гъэзетыр щыдгъэдзэкIыр: Адыгейм и Президент Тхьэмахуэмрэ Асльэнджэрий и Парламентым и щIыналъэ хьэщIэщым и Унафэщ Iуэхущ Iапи Iэм и Аппарат. Къэлэдзыгъэ. Уэрыгей футбол союзым и фIыгъэкIэ республикэм спорт площадкэу 14 щыуухуэнущ.

ЗЭРЫЗЭГУРЫУАМ ипкъ иткIэ, спорт гъэхэр ухуэным мылькуэдкIэ кьыкхэзыхэнущ Физкультурэмрэ спортымкIэ федеральнэ агентствэр. Апхуэдэуи кьытеувыIащ «Мейкьуапэ» кхъухьлъатэ тельэтыкIэ зэфIэгъэувэжьынымкIэ, тенджызэ ФIыщIэм екIуалIэ гъуэгур ухуэным. Республикэ унафэщIым кьызэрилъытэмкIэ, Урысей Ипщэм и дежкIэ экономикэм и лъэныкъуэкIи сэбэн зыпылъ, текIуэдзэри нэхъ мащIэу икIи нэхъ кьэшIуэ щытынущ Мейкьуапэ - Дыгъэмыс гъуэгур ухуэным. Ар пхыгъэкIыным зыхуэфащэ министерствэхэм щолэжь.

Къэралыбзэхэм ятеухуауэ

АБХЬАЗ. *«Къэралыбзэм и Iуэхуэ» законым ипкъ иткIэ, абхьазбзэр къэралыбзэу зэрыщытым теухуа унафэ кьыщыгъэ Абхьазым и парламентым.*

ЗАКОНЫМ и еянэ статьям ипкъ иткIэ, къэрал властым и Iэнатlэ нэхъыщхьэхэм щызекIуэн хуейщ къэралыбзэмрэ урысибзэмрэ: Абхьазым и Конституцэм тету, къэралыбзэр Iэмал имыIэу ящIэн хуейщ къэрал кьулыкъу пэрыт псоми.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● Нэхъыжьым и псалъэ

«Адыгэ псалъэр» къызэрыхэсхрэ куэд щIащ

Си гъащIэ псом си гъуэгу адыгэ газетыр. Зауэ нэужь нэтIэсхэм пединститутым сышIелжьэу, адыгэбзэ кьудамэм сыкъэзрадзэм и гъэжьакIуэ ныгъуэхэр, «Къэбэрдей пажьм» Iэ тедгъэн папщIэ, кьыдэпсэстыжьащ, дымыщIэ куэдми щыгъуазэ дищIащ, дэрэ а газетым дытхэ зэрыхъунри кьыджиIат.

Ди газетыр къыфIэрыхьэну фыхуеймэ

Ди щIэджыкIакIуэ лъапIэхэ!

Фигу кьыдогъэкIыж 2008 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм къыфIэрыхьэну газетхэм, журналхэм Iэ тедгъэнри зэрекIуэкIыр.

Илъэс ныкъуэм ди газетым и уасэщ сом 342-рэ кIэнлейкIэ 84-рэ.

«Адыгэ псалъэм» Iэ щытевдзэ хъунущ республикэм и пощт Iуэхущапlэ псоми.

Ди индексыр 51531

Iуэху зезыхь

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

ПромышленностымкIэ, хуабэ-энергетикэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ министрыи и къуэдзэ **Минин Вячеслав** зэрыжиIамкIэ, 2007 - 2010 гъэхэм республикэм и промышленностым зэрызыжьынымэ техуэ Iуэхуэгъэхуэ яубыхуэяу я гъэзэжIэ. Мыльку шIуэхэр хуэхабыу я мурадщ «Налшык фольт лъэгэ аппаратурэ завод», «Тэрч алмаз», «Станокухуэ», «Бахъсэн Автозапчасть завод», «Телемеханикэ», «Налшык машзавод», «Гидрометаллург» ОАО-хэм, «Кавказкабель» ЗАО-м, нэгъуэщIхэми. Минин Вячеслав къыдэжьигъащIкIэ, абыхэм къыщыщIагъэкIынущ хамэ къэралхэм щащIхэм сыткIи пэхъуну хьэпшып зэмылIэужьыгъуэ куэд.

Министрым и къуэдзэм зэхуэсахэр хигъэтгъуэзащ хуабэ-энергетикэ комплексым ди деж щигъэуэ гулъытэм, Шэрдж Ищхьэрэ ГЭС-м и ятIонэрэ кэуэм зэрызэрыкъуэкIыжьыр. Iуэху къуэрыуэхэм и Iуэхум, нэгъуэщIхэми. КЪР-м и Правительствэм кIыщтащ 2007 - 2012 гъэхэм республикэм хуабэ-энергетикэ комплексым зэрызыщиужьынымэ техуэ концепцэр. Абы Iэмал хьыгъуэ 2012 гъэм ирихьэлIу Къэбэрдей-Балъкъэр республикэм электрокъаруэ кIыщылажьэкIи киловатт мелиан 686,7-м нагъэсыну. Минин Вячеслав зэхуэсахэр хьыхуриджащ си гугъу ищIа инвестицэ проектхэм кууэ зыхагъэгъуэзыну.

Иужьыдэ зэпхьрыкIащ «Бивиэнкс», «ЗЕКО», «Полиграф» ООО-хэмрэ щхьэзыкъуэхьэрычтыщ! **Есэнкъуэ Iэхьедзэр** я проектхэр.

ЗэIуцIэм и ятIуанэ Iыхьэм кэрихьэлIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президент **Къанокъуэ Арсенрэ**Правительствэм и УнафэщI **Ирин Андрейрэ**.

Республикэм и лIыщIхьэм кIыгъэлъэгъуащ хьэрычэт Iуэху мыныкIэ ину итымрэ я лIыкIуэхэм я зэIуцIэхэм мыхьэнэзыуэ зэрыритыр.

«Къэбэрдей-Балъкъэрым и зыужьынигъэм теухуауэ дгъэхьэзырыр стратегиер гъэзэщIынэм хьэрычэтыщIэхэм уэвыпIэ хэха щIыгъуI. Экономикэр лъэ бидджкIэ уэвыпкIэ, лэжьапIэ Iэнатlэщlэхэр кьэзэIуэныкIэ, ику ит классым и пкъыр зэрырубыдынымкIэ, нэгъуэщIхэмкIи хьэрычэт Iуэху мыиным куэдкIэ дыщогъуI. Рынокыр хэпшыпрэ ерыскъыхэкIэкIэ гъэнщIынымкIэ, Iуэхум хьэзэкъэ хагъэхъуэнымкIэ, рынокым и бюджетым и налогыр зэпIэзэрыту кIуэнымкIэ ар дяпэкIи щIэхъуэхэм хьэрычэтым хуейщ. Илъэс зыбжанэ ипэкIэ бизнесым зиужьынымрэ папщIэ кьыгтащытхэм дытепсэлъихьэ кьудейуэ щытамэ, нобэ екъуалIэнымгъэ нэрылъагъуэхэм я гугъу дощI. Зи Iуэху къебзыкъэжьэну уеймэ даззрыдIэпыкъу щIыкIэм хабзэ гъэуба хэтлъхьащ. Зэпеуэр и лъабжьэу нэгъабэ ГъэнщIэгъэ ящIэ бизнес гъэпсыкIэ нэхъыфIхэр гъыгъэкIынымкIэ, Кавказ Ищхьэрэм щыпIэу дэ къыздэгугъащ «Бизнес-инкубатор» Iуэхущ Iапlэр. Абы и зэфIэкIымкIэ щIэныгъэ ящIэ, абы и лъабжьэ хэдгъахьэу зэпытщ. Илъэс ертуанэ хьуауэ дэ къыдогъэсэбэп хьэрычэт Iуэху мыинхэм къыIах банк кредитхэм тральхъэ процентхэр зэрырагъэкIуэк Iмалыр, - жиIащ Президентым.

Къанокъуэ Арсен къытеувыIащ ди дяпэ инвестицэ щытыкIэхэр къыщIэзгъэпащынымэ теухуауэ нэхъ хэкъуэзыуэ зэпэжьхьэм. Псом хуэмыдыдау, гулъытэ хэха хуащI Урысей Федерацэм и щIыналъэхэм я экономикэм зиужьынымкIэ хабзэ и лъэныкъуэкIэ тегъэщIапIэ хуащIам зыкIи къыкIэрымыкIу республикэ законодательствэр ерыскIуэнымк. Къэралымрэ бизнесымрэ зэдзэпкъэжьащ щIэм тету зэрауэнтIыну щIыкIэр яубзыкъу, ар и кIэм нагъэбдзагъэу жыпIэ хьунущ. Абы хохьэ мыхьэнэ хэха зиI эинвестицэ проектхэм я къэралшэсыпIэхэр.

«Къэхьэлъэгъуэн хуейщ инвесторхэм я дежкIэ нобэ ди бжэр зэрыкъуэкIар. Дэ дыкъызэрыщI абыхэм щэсыпIэ быдэ къахъуэгъэзэпэщIыну, я сэбэп зыхэлъхэр тхъумэну. Мыри къызэгъэщIынут: нэхъапэм инвесторхэм къытхуелбэгъэну дельэIуэу щытамэ, иджы абыхэм дахоплъыхь. Тырныпаеу бгы-щагъэбагъ комбинатыр зэрредгъэжьажьынымрэ яужь дитщ, цемент завод, ГЭС щIыпIэр, щIыдагъэм елэжьыну завод духэунущ, ди курортхэм зедгъэужьынущ. Зэчий зыбгъэдэлъ, эзфIэкI зиI э щIалэгъуэлэр ди мыпхуэкIэ хамэ къэралхэм щедгъэджэнущ, я щIэныгъэм щыхэдгъэхьэнущ.

Иужьрей илъэсхэм 2-нэ къэхъуащ ди щIыналъэм щIэныгъэ ящIэ 2,5-кIэ хэхъуащ, етIанэрэ я ди сом мелард 18-м нэсыну догугъэ. 2008 гъэм объект 70 духэунущ, абыхэм яхуэхэтынущ сом мелардиI 4,5-м щIигъу. Араущ, пщIэ зыхуэсщI ди хьэщIэ лъапIэхэ, дызэрыщIэу дызыдаIыхьэлажьэ, псомкIи ди сабэп зыжьаIэ къалэн щIэхэпэхэр дыкъызэгъэзащIэ. Фыкъызэрыгъэхьелэгъэм папщIэ инвестицэ я фIыщIэ фхузощI, фи Iэнатlэм екъуIэныгъэ щыкIи щIэну я гуапэщ», - къыхигъэщащ Президентым и псалъэм и кIэуцIи.

«Къэралым и экономикэ политикэ щIыкIэмкIэ зэрызэтегъэщIэ жылагъуэ зэгухьэныгъэ инхэр нэхъ жыджэру хэт хъущ. Дэ ди организацэм и къалэныр, жылагъуэм власткIэрэ дащIыгъуу, рынокым, хьэрычэтыщIэхэм зегъэужьынымрэ, цIыхухэр Iуэхуфlэхэм хэшэныгъэ, абыхэм я гъэсэныгъэ къэIэтынымрэ, - жиIащ **Титов Борис**.

Мы общественэм властым пыщIэныгъэ хъарзынэхэр хуиIащ. Абы щыщхэр хэтщ Урысей Федерацэм и Жылагъуэ палатэм, УФ-м и Президентым дежь Пэзэпкъ проект пэрытхэр гъэзэщIынымрэ демографиемкIэ щыщ советым, Урысей Федерацэм и Президентым дежь Граждан обществэм и институтхэм зегъэужьынымрэ цIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ щыIэ советым, нэгъуэщIхэми. «Iуэху зезыхьэ Урысей» - р ядолажьэ Германием, Инджылызым, Италием, Индиемк, Таиландым, США-м, Португалиемк, Швейцариемк я хьэрычэтыщIэхэмрэ жылагъуэ къудамэхэмрэ.

«Нобэ куэдым зехьэуж. Властымрэ жылагъуэмрэ гъунэгъу зэхуохьу. Ар иджыри зэ кIыгъэгъуащ тыкъэмахуэ ипэкIэ Президент Путин Владимир дыщигъэлъэпащ.

Мы зэIуцIэр зытеухуар «Iуэху зезыхьэ Урысей» Урысейпсо жылагъуэ организацэм и унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэм, и мурадхэм, и къалэнхэм, зыужьынымрэ тещIыхьэ и программэ хэхахэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и хьэрычэтыщIэхэр хагъэхъуэныгъэ, республикэм и инвестицэ, инновацэ зэфIэкIыр къэIэтынымкIэ, КъБР-м и Iуэхухэм инвестицэ мыльку нэхъыбэ хухэхьыныр, хьэрычэтыщIэхэр тегъэгушхуэныр. Мыльку кьыхегъэлъхьэн и лъэныкъуэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щытыкIэ хьарзынэхэр къыщызагъэпэжащ, абы дяпэкIэ нэхъыр зэрызыбгъэнуар си фIэщ мэхъу», - къыхигъэщащ хьэщIэм.

Зытепсэлъыхьнуэр зэфIэкIа ноужь, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэмрэ «Iуэху зезыхьэ Урысей» ООО-мрэ зэрызэдалэжьынымкIэ техуэ зэгурыIуэныгъэ зэращIылIащ. Абы Iэ щIадзащ Ярин Андрейрэ Титов Борисрэ.

Иужьк Iэ пресс-конференцэ зэхэтащ. Журналистхэмрэ зэхуэсахэмрэ я упщIэхэм жэуап иратащ Титов Борис, Къанокъуэ Арсен, Ярин Андрей сымэ.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

2008 гъэм и ухуэныгъэ инхэр

Республикэм ику иту щат лэжьапIэр сом 6820-м нагъэсащ, 2006 гъэм и ятIонэ щIыгъуэм елытыгъэ абы процент 26-кIэ хэхъуащ. Аущ, Правительствэм и Унафэщым зэрыжиIамкIэ, абы и лъэныкъуэкIэ дэ иджыри нэрылъагъуэ дыкъыкIэроху - Урысейм ику иту щат лэжьапIэр сом 12804-рэ мэхъу. Аущэдэу щыт щат, уасэхэм зэрыхъхьэри къэлыятуэ къащIащ, щыхъэ щIыгъуэм ипэжьыпIэкIэ я Iэрыхьа лэжьапIэр процент 19-кIэ нэхъыбэщ. Къапщытэр пIалъэм кьриубыдэу республикэм ику иту щата лэжьапIэр лэжьэгъуэ ныбжьым ит щIыхур псэун папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу зыхъуат ахъшэм нэхърэ хуэдИ 2,2-кIэ нэхъыбэщ (нэгъабэ ар хуэдИ 2-кIэ нэхъыбэу щытауэ араущ). Ярин Андрей ельыгъуэщащ республикэм ерыскъыпхъэхэм я уасэм зэрыщыкъэхуар процентн 9-м зэрыщIимыгъэр, щIакъъуэр къапщтэмэ, адрей ди гъунэгъу щIыналъэхэм, Краснодар, Ставрополь крайхэм хэту, щиуасэм нэхъ рэ КъБР-м нэхъ зэрыщыпудыр.

И пIалъэм ямыта улаухэмкIэ зэтрихьа щIыкъэрэ ягъэмэщIащ. Нэгъабэ жэпуэгъуэм и I-м ирихьэлIэу апхуэдэ щIыхуэу сом мелуан 43,5-рэ ятелъамэ, иджы а бжьыгъэ сом мелуани 9,7-м нэсу кьехащ. А щIыхуэм и нэхъыбэр зытелъар производствэм и Iэнатlэм пыщIахэрщ икIи абы и щхьэусыгъэр предприятэхэм хэхъуэ, зэрамыIэрщ, коммуналнэ Iуэхухъьбэхэм я уасэхэр и эманым зэрамытырщ. Улаухэр тынымкIэ жэпуэгъуэм и I-м ирихьэлIэу бюджетым щIыхуэ тетымкIи.

Цыхуэхэр лэжьыгъэкIэ кьызэгъэзэпэщынымкIи республикэм щыIэ щытыкIэр ефIэкIуащ: илъэсым и пэщIэдзэм кьызэIуах дэтхэнэ лэжьапIэми цIыху лэжьапIэнщIэу 17 хуэзэу щытамэ, жэпуэгъуэм и I-м ирихьэлIэу апхуэдэ зы Iэнатlэм тещIыхьауэ Цыхуэм я хуэзэжу ащ.

Ярин Андрей апхуэдэу жиIащ демографиемкIэ щытыкIэри зэтгъэвжу зэрыхъежьар. ЛIэхэм я бжьыгъэ проценти 6-кIэ нэхъ мащIэ хъуащ. Сабий щIынэу лэжьхэр процент 16,5-рэ хьууэ щытамэ, иджы а бжьыгъэ процент 14,1-м нэсу къеХуэтэхащ. Аущ ари зэрыщыту къэралым, Ищхьэ федеральнэ округым кьыщащхь бжьыгъэхэм нэхърэ нэхъыбэщ. Абы кьыкъэIуэ, Правительствэм и Унафэщым зэрыжиIамкIэ, мы зэманым Ростов, Краснодар, Ставрополь щыщ IэщагъэлI гуп республикэм щолажьэ. Абыхэм ди дохутырхэмрэ медицинэм и адрей лэжьапIэхэхэмрэ Iуэхум хуагъасэ.

КъБР-м и бюджет зэгуэтым кьыIэрыхъэ налогыр хуэдэ 1,7-кIэ нэхъыбэ хъуащ. Мази 9-м кьриубыдэу налогыр кьыхаращ щыIуагъуэ бжьыгъэм елъытауэ проценти 116,7-рэ.

Республикэм и налогхэм IэнатIэм и унафэщым налогыу кьыхэкIыр нэхъыбэ щIыныкIэ Iэмал нэхъыщхьэу кьиутыпащ хэхъуэу кьаIэрыхьэмрэ улаухэу ятымрэ тэмэму къэщIыгъэныр. Урысейм ипэжьыпIэкIэ щат лэжьапIэм и процент 40 хуэдизщ кьамыгъэзыгъуэу кьалыгъэ. Абы и пIалъэкIэ жэпуэгъуэм и I-м ирихьэлIэу щытыкIэри зыкIи нэхъыфIкIым. Лэжьапщэу ятыр нэгъэсауэ кьызэрамыгъэльагъуэм кьыдэкIуэу, языныкъуэ предприятэхэм тхылъкIэ къамыщта щIыхуэхэр щагъэлажьэ. Хэхьуэм папщIэ тралъхь налогым и гугъу пщIымэ, апхуэдэ ахъшэу кьыхахым и нэхъыбэр кьызыбгъэдэкIыр республикэм щымыщ Iуэхущ Iапlэхэрщ, «РЖД», «ЮТК» акционер обществэ зIуахэм я уэдэхэрщ. КъБР-м щыIэ Iуэхущ Iапlэхэм хэщIыныгъэ яIауэ е хэхьуэу кьаIэрыхьар мыхьэнэшIэ дыдэу кьаГъэльагъуэ. Апхуэдэ щытыкIэм кьыкIын папщIэ республикэм и Правительствэм Iуэхугъуэ зыбжанэ зэфIэгъэкIащ. Курыт лъэкъащIэм гъэ предприятэхэм кьаIэрыхьэ хэхьуэмрэ нэхъыбэ щIыныкIэ нормативэр зэхалъхьэри администрацэхэм я Iэтащхьэхэм, зыхуэфащэ министерствэхэм я унафэщIхэм хуагъэхьащ. Иджы щIэщIэхыпрэ ирагъэкIуэкI налогыкIэ щIыхуэщхуэ зытелъ Iэнатlэхэм я унафэщIхэр кьызрагъэблагъэ зэIуцIэхэр. Абыхэм щызэпкърах дэтхэнэ Iуэхущ Iапlэми щыIэ щытыкIэр икIи бюджетым зэрыхъхьэн хуейм елытауэ налог кьыхэхыкIэр егъэфIэжьыныкIэ лэжьапхъэхэри щауфыкъу.

Предприятэм и зэIуцIэм Тканенко Александр щыжиIащ налог инспекцэхэм я лэжьакIуэхэм яхь жэуапыр кьэIэтыным теухуауэ есыр зи пашэ Iуэхущ Iапlэм куэд зэрыщызэфIагъэкIыр. Хьэлэлу зи кьалэным бгъэдэмыту кьалытахэр IуагъэкI. Мазибгъу блэкIам кьриубыдэу апхуэдэ налогхэхэу 43-рэ IуагъэкIыжащ, лэжьакIуэу 164-м тезыр зэмылIэужьыгъуэхэр тралъхьащ.

2007 гъэм и мазибгъум кьриубыдэу КъБР-м и республикэ бюджетыр гъэзэщIа зэрыхъуар зэIуцIэм хэтахэм я папщIэ кьрилъхьащ финансхэмкIэ министр Бышэн Азрэт. Абы зэрыжиIамкIэ, отчет тлъэхьэжэн кьриубыдэу КъБР-м и бюджет зэгуэтым кьыIэрыхьэ хэхьуэр хуэдэ 1,6-кIэ е сом мелуан 1489,1-кIэ нэхъыбэ хъуащ икIи планкIэ кьаIэщIта сом мелуан 3792,9-м (проценти 103,9-м) и пIкIэ сом мелуан 3940-рэ кьыхахащ. Республикэ бюджетым и хэхъуэр хуэдэ 1,7-кIэ нэхъыбэ хъуащ, ар сом мелуан 2789,7-м нэсащ. Планым и лейуэ сом мелуан 216,5-рэ кьаIэрыхьащ.

Бюджетыр щагъэзащIэм нэхъ яп ирагъэщащ социальнэ Iэнатlэм я кьаралым кьыщIта кьаIэнхэр зэфIэгъэкIынымкIэ. И зэманым лэжьапIэр, цIыхухэм зэрыщIыгъуу зэрадзэIэпыкъу ахъшэр, сабий ахъшэр, цIыху гуп щхьэхуэхэм зэрадзэIэпыкъу ахъшэр, пенсIэ-коммунальнэ IуэхутхьебзэхэмкIэ льготэхэм кьриубыдэ ахъшэр, псэупIэм и уасэм пэкIэ субсидиехэр ираташ.

Бышэн Азрэт зэрыжиIамкIэ, предприятэ мыинхэмрэ курытхэмрэ я финансэ Iуэхуэхэр ирагъэфIэкIуэн, налогхэмрэ нэгъуэщIу кьыхэкI ахъшэхэмкIэ щIыхуэр ягъэмэщIэн яхуэзфIэкIащ. Федеральнэ бюджетым кьыхэкI финанс дэIэпыкъунигъэу сом меларди 7,3-рэ (процент 96-рэ) я кьаIэрыхьащ. ИльэскIэ уэзIэбэкIыжмэ республикэм хуэзфIэкIыу щытакьым КъБР-м и экономикэм зегъэужьыным федеральнэ бюджетым тригъэкIуащэм езым кьыльыс Iыхьэр хилъхьэн. Иджы абы и лъэныкъуэкIи КъБР-м и республикэ бюджетым кьыбгъэдэуэ кьалэнхэр нэсу зэфIигъэкIащ.

Къэпсэлъаэм едIуэ нэужь, КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен жиIащ Правительствэм зэхьыгъэ къарзынэ иригъэкIуэкIауэ кьызэрильытэр. ЗэIуцIэм кьащIагъэльэгъуэ бжьыгъэр кIэуэну зэрыщымытыр, илъэсым щыщу кьнэжьа зэманым абыхэм фIы и лъэныкъуэкIэ захъуэжьын зэрыхуейр кьыхьэшIри, республикэм и Iэтащхьэм жиIащ экономикэм адэкIи нэрылъагъу зиужьынну зэрыщыгуфIыр.

Республикэм и Президентым кьыхьэщащ хьэзыр ящIын хуейуэ щыта ухуэныгъэхэм ящыщу тIу фIэкI кьымынэ адрей псори и зэманым зэрыщэфIагъэхьар, а уухуэныгъэхэм я ящыщу тIу фIэкI кьымынэ адрей псори и зэманым зэрыщэфIагъэхьар, а уухуэныгъэхэм я нэхъыбэр социальнэ Iэнатlэм зэрыпыщIар. ЩагъэкIыжьэ центрым я спорт унэшхуэмрэ хьэзыр хьунущ мы гъэм и кIэуэм ирихьэлIэу. Абы зэIуцIэм щIэсахэм гу лъригъэтащ ухуэныгъэхэр псынщIэу егъэкIуэкIыным фейдэ зэрыпылъым, ахъшэм кьыщIэкIыр зэпымыуэу нэхъ мащIэ зэрихьым кьыхэкIыу ар и зэманым кьэгъэсэбэпыным мыхьэнэшхуэ зэриIэм.

Къанокъуэ Арсен зэрыжиIамкIэ, ухуэныгъэшхуэхэр 2008 гъэми екIуэкIынущ. 2007 гъэм унэ зэмылIэужьыгъуэу ящIыр 38-рэ мэхъу, дызыхуэкIуэ илъэсым щIэуэ унэ 99-рэ кьаратэжьэнущ, абыхэм я процент 80-р а гъэ дыдэм яухынущ.

Президентыр арэзы теухуауэ гъуэгуэгъэ зэращIыпрэ ахэр зэрызэрагъэпэщыжьырэ. Кьалэ уэрамхэмрэ гъуэгуэкIэмрэ зIуэзIэщэ щIыным кьыдэкIуэу, зэрахуэзфIэкIкIэ йолэжь кьуажьхэм я уэрамхэмк. Республикэм и кьуажьхэр дяпэкIи зыхуей хуагъэхэнущ, абы трагъэкIуэдэну ахъшэр щыхуахахащ илъэсищым тещIыхьауэ иджыблагъэ кьащта финанс планым.

Бюджетыр процент 95-кIэ зэрагъэзэщIами гулъытэ кьэбгъанэ хьунукъым, сыту жыпIэмэ апхуэдэ екъулIэныгъэ республикэм илъэс Iэджэ льандэрэ иIакъым.

Кьанокъуэ Арсен апхуэдэу кьытеувыIащ зыхуэныкъо зыужьынымрэ сатумрэ я министрыр.

Старовэ Р.А. - Къэрал Iуэхущ Iапlэм - Урысей Федерацэм Социальнэ страхованэмкIэ и фондым и щIыналъэ кьудамэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

